



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSTANSYON 50 MILYON DOLA POU BALDWIN  
RICHARDSON FOODS NAN KONTE WAYNE**

***Fabrikan manje ak bwason pèsonalize modèn lan pral amelyore enstalasyon  
Macedon ak Williamson li yo: Yo pral kreye ak kenbe plis pase 420 djòb***

***Investisman an ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji  
global reyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse fabrikan engredyan pèsonalize Baldwin Richardson Foods ap investi 50 milyon dola pou elaji enstalasyon fabrikasyon modèn li yo nan Konte Wayne. Konpayi an gen plan tou pou l fè investisman nesèsè nan ekipman, teknoloji, ak konstriksyon nan etablisman ki sitiye nan Vil Macedon ak Williamson nan kad yon efò pou satisfè egzijans chanjan pou fabrikasyon ak etiketaj pwodwi alimantè ke konsomatè yo ap mande yo. Konpayi an pral enstale nouvo machin ak ekipman, sa k ap sipòte kreyasyon jiska 60 nouvo djòb epi y ap kenbe 364 pòs ki la deja. Anplis de sa, gwo investisman de faz sa a pral pèmèt konpayi an elaji liy pwodwi yo ak amelyore pratik dirabilite yo nan chak etablisman. Pwojè a pral pozisyone Baldwin Richardson Foods tou pou reyalize estati Fowòm Ekonomik Mondyal Fa a, yon angajman efikasite ak pwodikтивite ak jesyon anviwònmanal. An konstriksyon kounye a, konpayi an espere gwo pwojè ekspansyon an ap fini nan fen ane 2024.

"New York ekstrèmman fyè pou li kontinye sipòte Baldwin Richardson Foods pandan l ap kreye nouvo djòb bon kalite pou fanm ak gason k ap travay di atravè reyon an Finger Lakes la, sa k ap ranfòse ekonomi lokal la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman konpayi an ap kontinye fè nan Konte Wayne lan yo se plis prèv ankò ke endistri manje a nan reyon an solid ak vibran, epi pwojè sa a pral kontinye ogmante momantòm sa a."

Baze epi te fonde nan Illinois depi plis pase yon syèk, Baldwin Richardson Foods devlope ak fabrike engredye pèsonalize, pwodwi mak piblisite tankou Mrs. Richardson's Toppings ak Nance's Mustards and Condiments. Li devlope sòs, siwo, kondiman, siwo bwason awomatize ak baz awoma pèsonalize k ap ofri yon liy pwodwi nòmalize pou distribite yo. Yon Antrepriz Biznis Minorite (Minority Business Enterprise, MBE) ki anrejistre nan Konsil Devlopman Distribite Nasyonal (National Supplier Development Council) la, konpayi an se tou youn nan pi gwo biznis Afriken-Ameriken yon fanmi posede ak opere nan endistri alimantè a.

**Erin Tolefree, ki se Prezidan Baldwin Richardson Foods, te deklare,** "Badwin Richardson Foods konbine yon eritaj angajman kliyan ak teknoloji modèn pou rete nan tèt inovasyon an. Envestisman enpòtan sa a pral pèmèt nou ranfòse non sèlman angajman sa a men tou, ekonomi Konte Wayne lan ak Rejyon Finger Lakes la pandan n ap bay nouvo djòb ak jesyon anviwònmanal ki nesèsè pou yon avni dirab. Nap tann ak enpasyans patenarya kontinyèl pou revitalize kominote rejyon sa a."

Pou ankouraje Baldwin Richardson Foods pou kontinye ak plan ekspansyon li an nan Eta New York, Empire State Development te ofri jiska 2.5 milyon dola sou fòm kredi enpo Pwogram Excelsior Jobs la an retou pou yo pran angajman pou yo kreye djòb ak yon Sibvansyon Kapital 2 milyon dola. Konte Wayne, RG&E ansanm ak Antrepriz Greater Rochester (Greater Rochester Enterprise, GRE) ap asiste ki pote transfòmasyon an tou.

**Komisè, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Envestisman nou an nan Baldwin Richardson Foods refleto angajman Gouvènè Hochul pran nan estrateji devlopman ekonomik rejyonal k ap fè ekonomi an grandi. ESD fyè pou li sipòte ekspansyon konpayi sa a kap panse pou pi devan, ak plan li genyen pou enkòpore teknoloji inovan, ankouraje dirabilite, satisfè demann konsomatè yo epi kreye djòb pwochen jenerasyon pou rejyon Finger Lakes la."

**Senatè Eta, Pamela Helming, te deklare,** "Badwin Richardson Foods se yon inovatè preensipal nan endistri manje ak bwason k ap grandi nan rejyon Finger Lakes ak Eta New York la. Nou fyè dèske nou genyen Baldwin Richardson Foods nan Konte Wayne nan 54èm Distri a epi mwen remèsye Prezidan Erin Tolefree ak konpayi an pou envestisman enpòtan li fè nan kominote nou yo."

**Manm Asanble Brian Manktelow te deklare,** "Mwen ta renmen felisite Erin Tolefree ak Baldwin Richardson Foods pou opòtinite sa a pou elaji enstalasyon fabrikasyon modèn pa yo a. Pèmèt yon biznis ki nan nenpòt echèl gen opòtinite pou grandi epi fè devlopman etablisman ki nesèsè pou briye ta dwe konsantrasyon Eta nou an. Envestisman Empire State Development sa a fè egzakteman sa. Mwen ap tann ak enpasyans revitalizasyon tou de sit yo ak tout sa yo pral fè pou kontinye grandi ekonomi lokal nou an."

**Ko-Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester, te deklare,** "Chanm Komès Greater Rochester fyè pou li selebre konpayi manm Baldwin Richardson pou siksè kontinyèl yo ak envestisman estratejik yo nan rejyon nou an. Biznis vibran sa ki dirije pa minorite/fanm dirije sa a ap inovè nan endistri alimantè konpetitif la, epi Konte Wayne nan rejyon Greater Rochester a se kote ki pafè pou yo grandi. Nou felisite Prezidan Baldwin Richardson, Erin Tolefree, epi nou espere kontinye patenarya nou an."

**Carl A. Taylor, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSEG ak RG&E te deklare,** "Nou fyè pou nou sipòte Baldwin Richardson Foods pandan y ap grandi anprent yo nan Macedon ak Williamson nan yon fason ki responsab ak dirab. Biznis sa a ke yon fanmi posede se yon pati enpòtan nan kominote nou yo, e NYSEG ak RG&E kontan pou yo bay asistans k ap ede ranfòse ekonomi lokal la."

**Direktè Devlopman Ekonomik ak Planifikasyon Konte Wayne lan, Brian Pincelli, te deklare,** "Envestisman Baldwin Richardson nan modènizasyon, rezistans, efikasite, ak inovasyon pral mennen kwasans biznis yo e nou tèlman fyè dèske nou genyen yo nan Konte Wayne. Avèk de etablisman nan Konte Wayne, yo reprezante yon pati enpòtan, non sèlman nan ekonomi Konte a, men tou, nan ekonomi Eta a ak nan ekonomi rejyonal la."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la (GRE), Matt Hurlbutt, te deklare,** "Istwa ekselans Baldwin Richardson Food ak resous abondan nan fabrikasyon manje ak bwason nan rejyon Greater Rochester, NY, ki gen ladan talan, teknoloji inovan, ak koneksyon ak yon chèn apwovizyonman ki konplètman entegre fè sa a vin pi bon kote pou ekspansyon sa a. Nou pa ka tann pou nou sipòte kwasans yo pandan y ap kontinye envesti isit la."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Baldwin Richardson Foods, vizite: <https://brfoods.com/>

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)